



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 6 mas 2012

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO ANONSE LANSMAN PWOJÈ NAN ENTÈNÈT POU FÈ NOUYÒKÈ YO PATISIPE NAN REFÒM LEKÒL LA LÈ DISTRI YO KÒMANSE APLIKE EVALYASYON PWOFESÈ YO

Depatman Edikasyon Eta a Voye Nouvo Gid yo Pou Distri Lekòl yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon pwojè nan entènèt pou fè paran yo, elèv yo ak Nouyòkè yo patisipe nan fè presyon pou mande aplikasyon lokal nouvo sistèm evalyasyon eta a yo pral mete nan nivo distri lekòl la nan yon tan ki pa lwen. Pwojè a vini nan moman Depatman Edikasyon Eta a pibliye nouvo gid pou distri lekòl yo pou yo swiv lè y ap aplike sa yo te dakò dènyèman nan sistèm evalyasyon pwofesè yo ki fè Eta New York vin premye eta nan fè pwofesè yo pran responsablite yo pou siksè elèv yo.

Yon vèsyon www.nystudentsfirst.com ki pi devlope ap gen ladan yon kat konvèsasyonèl k ap swiv aplikasyon sistèm evalyasyon an nan 696 distri lekòl apa ak yon eta dapre konparezon eta a ki montre sistèm evalyasyon New York la se youn nan sistèm ki pi sevè nan peyi a.

Vizitè yo kapab enskri non yo tou pou resevwa enfòmasyon ak avi sou pwogrè distri lekòl yo fè nan aplikasyon sistèm nan, epitou yo kapab kontakte distri yo pou ankouraje yo jwenn yon akò sou evalyasyon pwofesè yo anvan 16 janvye 2013, dat limit Gouvènè a fikse.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Kounye a, nou kreye yon modèl nasyonal pou evalyasyon pwofesè yo, nou bezwen paran yo, elèv yo ak moun New York yo ede nou asire li aplike nan lekòl nou yo. Mwen swete anpil ak yon pakèt paran ak sipòtè ki t ap egzije responsablite nan lekòl nou yo pral itilize www.nystudentsfirst.com pou yo patisipe nan efò n ap fè pou konsidere elèv nou yo anvan, epitou pou nou fè refòm nan sistèm edikasyon nou an.”

Mwa pase, Gouvènè Cuomo te anonse yon akò tounèf sou yon nouvo sistèm evalyasyon nan eta a ki te bay konsèy enpòtan pou distri lekòl lokal yo pou aplikasyon yon sistèm evalyasyon pwofesè ki baze sou plizyè mezi pèfòmans tankou siksè elèv yo ak obsèvasyon sevè nan salklas yo. Akò a te pwolonje sou angajman eta a pou mete anplas yon vrè sistèm evalyasyon pwofesè efikas kòm yon kondisyon \$700 milyon dola yo bay nan pwogram federal Race to the Top (Kou pou rive an premye).

Haitian Creole

Detay plan an prezante konsa:

Pèfòmans Pwofesè – 60 pwen

Dapre akò a, 60 pousan evalyasyon pwofesè yo pral baze sou evalyasyon pèfòmans pwofesè ki sevè epi ki gen rekonesans nasyonal. Akò a egzije pou yon majorite pwen pou pèfòmans pwofesè yo baze sou obsèvasyon yon administratè oswa yon direktè lekòl fè nan salklas yo, epi omwen yon obsèvasyon yo fè san yo pa anonse sa. Rè s pwen yo ap baze sou prensip ki defini, tankou obsèvasyon evalyatè endepandan ki fòme, obsèvasyon kamarad klas, remak evalyatè yo bay elèv ak paran yo, ak prè v pèfòmans nan pòtfolyo elèv yo.

Siksè Elèv yo nan Eta a ak Evalyasyon Lokal yo- 40 pwen

Dapre akò a, 40 pousan evalyasyon yon pwofesè pral baze sou yon sikse akademik elèv yo, avèk 20 pousan nan egzamen eta a ak 20 pousan nan yon lis twa (3) chwa egzamen, tankou egzamen eta a, evalyasyon/egzamen twazyèm pati avèk apwobasyon SED ak egzamen yon devlope sou plan lokal k ap depannde revizyon ak apwobasyon SED. Dapre plan an, distri lekòl yo ap gen chwa pou itilize egzamen eta a pou evalye jiska 40 pousan klasman yon pwofesè.

Sistèm Klasman

Akò a ranfòse nèt sistèm pou bay nèt la pou asire yo konsidere sikse elèv yo ak pèfòmans pwofesè yo kòrèkteman pou klasman pwofesè yo. Pwofesè oswa direktè lekòl yo jwenn ki pa efikas nan evalyasyon a nan 40 pwen pa kapab resevwa yon nèt jeneral kòm pwofesè oswa direktè k ap devlope.

Ki pa efikas: 0 – 64

K ap devlope: 65 – 74

Ki efikas: 75 – 90

Ki efikas anpil: 91 – 100

Afektasyon yon Koube pou Klasman yo

Pou premye fwa, akò a fikse yon prensip pou distri lekòl yo ak sendika pwofesè yo pou fikse afektasyon pwen yo oswa “koube” pou klasman pwofesè yo. Yo dwe afekte koube la nan yon mannyè yon pwofesè kapab resevwa youn nan kat (4) klasman yo, epitou Manm Komisyon SED ap kapab rejte koube yo fikse ki pa ase yo.

Revizyon Final Manm Komisyon SED

Pou premye fwa, akò bay Manm Komisyon SED otorite pou apwouve oswa pou pa apwouve plan evalyasyon lokal yo kwè ki pa ase. Sa ap ajoute severite nan pwosesis la, epitou l ap asire plan evalyasyon yo respekte lalwa.

Pwosesis Kontestasyon Rapid Vil New York

Anons jodi a gen ladan tou yon pwosesis kontestasyon rapid ak senp pou Distri Lekòl Vil New York k ap vin annaplikasyon apati 17 janvye 2013 si Minisipalite Vil New York ak UFT dakò pou yon sistèm evalyasyon jeneral.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418